

## PATAJE ENFÒMASYON AVEK Lòt Pwogram

---

Paran/Gadyen:

Pou ede ou sove tan ak efò, enfòmasyon ou bay sou aplikasyon manje a pri redwi oswa gratis nan lekòl, Kondisyon Elijibilite, nou ka pataje enfòmasyon an ak lòt pwogram pitit-ou ka kalifye pou yo. Nou dwe gen pèmasyon ou pou pataje enfòmasyon ou ak lòt pwogram ki mansyone anba a. Tounen fòm la ban-nou; sa pap chanje desizyon pou pitit-ou jwenn manje gratis oswa a pri redwi.

---

- Wi! Mwen vle responsab lekòl la pataje Elijibilite pou Manje Gratis oswa a Pri Redwi pitit-mwen avèk **tout** pwogram-yo; tcheke bwat sa pèmèt pitit-ou gen aksè nan tout pwogram ki mansyone anba a.
- Wi! Mwen vle responsab lekòl la pataje Elijibilite pou Manje Gratis oswa a Pri Redwi pitit-mwen avèk pwogram ki **seleksyone**; tcheke seleksyon ou anba a.
- NON! Mwen **PA** vle responsab lekòl la pataje Elijibilite pou Manje Gratis oswa a Pri Redwi avèk **nenpòt nan** pwogram sa yo.

### Pwogram Inivèsèl – Tout Lekòl

- ALLgn, Enstiti Aprantisaj Aplike Pwogram Ete - *Applied Learning Institute Summer Program*
- Sipèvizyon elèv anvan ak apre lekòl - *Before & After School Care*
- Ti Sibvansyon pou Inisyativ Deba - *Debate Initiative Mini Grants*
- Opòtinite Aprantisaj Elaji - *Extending Learning Opportunity*
- Terapi Familyal oswa Konseye Lafanmi - *Family Therapy Counseling*
- Sòti edikatif - *Field Trips*
- Donasyon manje - *Food Donations*
- Sévis danté gratis - *Free Dental Services*
- Sévis konsiltasyon zye gratis - *Free Eye Services*
- Donasyon - *Gift Donations*
- Envitasyon pou patisipe nan evènman spesyal - *Invitation to Special Events*
- Egzansyon frè pou Lwe enstriman mizik - *Music Instrument Rental Fee Waiver*
- Referral pou sévis sante konpòtman - *Referrals to Behavioral Health Partner*
- Founiti klasik - *School Supplies*
- Donasyon inifòm lekòl - *School Uniforms Donations*

## **Pwogram Adisyonèl**

### **Midèleskoul – Middle School**

- Duke TIP

### **Ayeskoul - High School**

- Pwogram ki oryante sou karyé
  - Elijibilite pou estaj
  - Bon pou transpòtasyon
  - Bon pou vétman travay
  - NAF (Depatman CTACE)
- Egzansyon frè pou aplikasyon kolèj
  - ACT
  - College Board
  - Common Application
  - NACAC
- Pwogram Kolèj
  - FSU Care
  - Egzansyon frè NCAA Clearinghouse Fee Waivers
- Egzansyon frè pou egzamen
  - ACT
  - AP
  - PSAT 8/9
  - PSAT/NMSQT
  - SAT
- Èd finansye ak Bous
  - Fondasyon Edikasyon nan Broward (BEF)
- Pwogram Sévis Sosyal
  - Albòm pwomosyon (year books) gratis oswa orabé
  - Asistans pou jwenn tòm gradyasyon
  - Èd pou transpòtasyon piblik
- Egzansyon frè pou Pwogram Akademik Spesyal
  - Egzansyon Frè pou Tès

Si ou tcheke **wi** nan **nenpòt** bwat oswa **tout** bwat anwo a, ranpli seksyon enfòmasyon anba a pou asire timoun la (timoun yo) ki gen non li (non-yo) sou lis anba a, Elijibilite pitit-la pataje. Elijibilite ou va pataje sèlman avèk pwogram ou tcheke.

Non Timoun nan: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Non Timoun nan: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Non Timoun nan: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadyen: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Ekri Non ou an lèt detache: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Pou plis enfòmasyon, kontakte lekòl pitit-ou. Retounen fòm sa nan lekòl la: [school address] anvan dat [date]

Konfòmman ak lwa federal sou dwa sivil epi regilasyon ak direktiv Depatman Agrikilti Etazini (USDA), yo defann Ajans, ofis, anplwaye, ak enstitisyon USDA, k'ap patisipe nan pwogram oswa administre pwogram USDA, fè diskriminasyon baze sou laj, koulè, orijin nasyonnal, sèks, andikap, fè reprezay oswa pran revanch sou aktivite ki te mennen anvan pou prezève dwa sivil nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA te òganize oubyen finanse. Moun ki andikape ki bezwen itilize mwayen komunikasyon altènatif pou jwenn enfòmasyon sou pwogram (egzanp ekriti Bray, tèks oswa liv enprime an gwo karaktè, odyotep, lang siy ameriken, etc.), ta dwe kontakte Ajans (Leta oswa lokal) kote yo te aplike pou jwenn avantaj benefis. Moun ki soud, di pou tande oswa gen pwoblèm langaj ka kontakte USDA atravé sèvis Federal Relay Service nan nimewo telefòn (800) 877-8339. Diplis, enfòmasyon sou divès pwogram disponib nan lang ki pa Angle. Pou pote plent kont diskriminasyon nan yon pwogram, konplete fòm konplent kont diskriminasyon nan yon pwogram USDA, *USDA Program Discrimination Complaint Form*, (AD-3027) ke ou va jwenn sou sit [http://www.ascr.usda.gov/complaint\\_filing\\_cust.html](http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html), epi fòm la disponib nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt adrese a USDA epi nan lèt adrese a USDA, bay tout enfòmasyon yo mande ou nan fòm la. Pou mande yon kopi fòm konplent, rele nan nimewo telefòn (866) 632-9992. Soumèt fòm ou konplete a oswa lèt la pa lapòs, adrès U.S. Department of Agriculture Office of the Assistant Secretary for Civil Rights 1400 Independence Avenue, SW Washington, D.C. 20250-9410, pa faks (202) 690-7742 oswa voye yon imel, adrès elektwonik [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov). Enstitisyon an ofri opòtinite egal.